

# Ana aprann senk sans yo



Liv sa a ap ede elèv yo konprann

KIJAN POU YO APIKE SA YO KONNEN POU  
YO ANALIZE AK EVALYE ENFÒMASYON.




**Ana aprann  
senk sans yo**

Tit sa a fè pati pwojè AYITI LI Ana ak Tiga. Se yon seri liv sou aprantisaj sosyo - emosyonèl ki kreye yon ankadreman pou timoun an Ayiti. Ekip sa a gen ladan 1 savan nasyonal ak entènasyonal nan domèn edikasyon, sikoloji, sossyoloji, antwopoloji ak reliyyon an Ayiti.

Ekip otè sa yo travay ansanm pou konplete yon seri istwa ak aktivite ki kapab ede elèv yo devlope ladrès sosyo - emosyonèl. Otè istwa ak aktivite yo se: pwofesè Evelyne Trouillot, pwofesè Bayyinah Bello, doktè Charlène Désir ak doktè Anasthasie Libériste-Osirus. Moun ki fè Grafik ak kontribisyon pou pwojè sa se David Campbell avèk Leneen Faith Williams. Yon gwo mèsi pou bèl istwa sa yo, kreyativite ak devouman nou tout pou reyalizasyon travay sa a.





Kad sa dwe sèvi kòm sous ak gid pou tout moun ki nan sektè ansèyman, espesyalman moun k ap travay nan lekòl ak sa k ap bay sèvis nan òganizasyon ki gen pou wè ak zafè ledikasyon, k ap akonpaye epi pote èd yo nan lekòl primè, segondè ak apre segondè. Travay sa a ofri tout eleman kle pou aprann ak pasyon nan kontèks sosyal ak kiltirèl nan istwa peyi nou Ayiti. Li bay tou oryantasyon ak estrateji pou w ka itilize lide pa w, sitou nan lekòl ak aktè nan sektè sa a. Pou plis enfòmasyon sou travay nou nan alfabetizasyon ak sosyo - emosyonèl an Ayiti, tanpri vizite lyen sa a : <https://ace.nd.edu/haiti>.



Nan mòn Jeremi, gen yon kote ki rele Lakou Solèy. Se nan zòn sa a Ana ap viv ak grann li, manman l, papa l epi frè li. Ana se yon tifi ki renmen lekòl anpil. Kè l toujou kontan. Li renmen jwe anpil nan rekreyasyon ak zanmi li yo, foutbòl menm se pa pale.

Chak jou, lè grann Rose al chache Ana lekòl, se tout yon plezi pou li ap eksplike grann li tout sa li aprann pou jounen an nan klas la ak tout sa ki pase sou lakou rekreyasyon an. Jodi a, pandan grann Rose sot chèche Ana lekòl, li remake sou tout wout la Ana pa pale menm. Sanble kè li pa kontan.



Grann Rose mande Ana : “ Eske tout bagay te byen pase lekòl la jodi a “ ? Ana pran yon ti tan pou l reflechi, li kanpe, li gade grann Rose epi li tonbe kriye. "Pale ak grann Rose, Ana, kisa ki pase "? Men Ana kenbe pye grann li, l ap kriye.



Ana reponn: " Pandan mwen nan rekreyason jodi a, mwen tande Janèt k ap pale kòman li itilize tout senk sans li yo nan klas li a jodi a".

Grann Rose bese pou li gade Ana nan je. "Men ki pwoblèm sa genyen Ana"? Ana tonbe kriye pi rèd.



Ana gade grann Rose, li di : "Men grann, kòman fè li gen senk sans, epi mwen menm mwen pa genyen"?

Grann Rose reponn: "Ana, èske ou konnen kisa senk sans yo ye" ? Yo se: "**Wè, santi, tande, gou, manyen**". Ana, ou itilize senk sans ou yo chak jou san ou pa menm prete atansyon ak sa.



Ana gade granne Rose, I ap reflechi. Menm moman an, gen yon gwo van ki pase ki lage chapo grann Rose atè. Van an souke fèy ki nan pye mango yo, gen mango ki menm tonbe atè a. Menm pye gwayav yo sekwe tou.



Gwayav se yon fwi ki tèlman gen bon sant, lè van an pase se tankou se te sèlman yo menm ki te plante sou mòn nan. Sant yo anvayi tout kote. Grann Rose respire epi l ranmase chapo li atè a, li mete nan tèt li.



Ana di grann Rose: "gade kòman gwo van an lage gwayav yo atè. Gwayav yo santi bon grann Rose. Mwen pral ranmase kèk pou m goute. Pou jan gwayav sa yo dous!!!"

Ana ranmase plizyè bèle gwayav atè a. Gwayav yo tonbe fò se vre, men yo byen anfòm paske yo pa kraze.

Nan rivyè ki tou pre a, Ana lave yon gwayay pou l manje. Grann Rose gade Ana, li souri. Li kenbe men Ana, y ap mache pou rive lakay.



Sanble Grann Rose fatige, li fè yon ti poze, li chita atè pou li koze avèk Ana. Li di : « Ana, sa ou panse si mwen ta di w ou fèk itilize tout senk sans ou yo youn apre lòt »? Men Ana pa twò konprann.

Grann Rose gade Ana, li di : “ Ou sonje kisa mwen te di w senk sans yo ye ” ? - Yo se : “ **Wè, santi, tandem, gou, manyen** ” . Ana sonje.

Grann Rose fè Ana sonje van an ki souke pye gwayav la. Ou tandem gwayav yo ki tonbe atè a. Kiyès nan senk sans yo ou sèvi pou sa?

Ana reflechi, li di: “Mwen panse se **tandem** ”.



Se sa menm, Ana. Ou sèvi ak yon lòt nan senk sans yo lè ou pran sant gwayav yo. Lè ou fin pran sant yo, ou chache kote yo ye atè a, pa vre?

Ana kòmase konprann. "Wi grann, fòk mwen wè yo pou mwen ranmase yo".

Grann Rose kenbe men Ana li di : "Wi". E lè ou al ranmase yo atè a, ak ki sans ou sèvi pou sa?

Ana ap reflechi, "Pou mwen ranmase yo atè a, fòk mwen manyen yo. Sa vle di mwen sèvi ak sans ki rele **manyen an**".



"Sa ou di a se sa li ye Ana. Lè ou te fin manyen yo, kisa ou te fè" ?  
Ana gade fwi a epi li di: "Mwen te goute yo".

Grann Rose kontan, li bat men pou Ana. "Ou wè kòman ou jwenn jan ou sèvi ak  
senk sans yo poukont ou"?

Ana kontan, li anbrase grann Rose epi li di: " O!!! mwen konprann kounye a grann  
Rose ». Mèsi anpil !



Grann Rose ak Ana kontinye mache. "Mwen byen kontan ou konprann pitit mwen. Ou itilize tout senk sans ou yo san ou pa menm prete atansyon ak sa".

Ana di : "Men grann Rose, èske mwen te oblige itilize yo tout an menm tan"?

Grann Rose reponn: "Ou bezwen chak gress nan senk sans ou yo. Chak sans ede w konprann youn lòt." Ou wè kòman yo youn soutni lòt pou ede w konprann yon sitiayson, pou w ka pran yon desizyon final.

Pandan m ap pale avè w la, gen anpil moun k ap itiize youn, de oubyen tout senk sans yo san yo pa menm reyalize sa" .

Ana tonbe ri.



Ana deside pou li pran yon plim ak papye pou li al gade sa manman l ap fè deyè a pou li ka wè kòman l ap itilize senk sans li yo san li pa menm prete atansyon ak sa.

Ana pa ka tann pou li rive lekòl la demen pou li eksplike timoun yo pandan rekreyasyon kòman yo ka itilize senk sans yo chak jou.

## Mo vokabilè

**Gwayav:** Se yon fwi gi gen po jòn , anndan li woz, li santi bon anpil, lè li pare pou w manje l.

**Pye gwayav:** Se pyebwa ki pote gwayav yo .

## Kesyon Konpreyansyon

1. Ki moun ki pèsonaj prensipal nan istwa a?
2. Ki pwoblèm pèsonaj prensipal la eseye rezoud?
3. Ki fwi pèsonaj prensipal la goute?
4. Poukisa ou panse li enpòtan pou konnen senk sans yo?
5. Kijan ou ta esplike zanmi ou yo kòman yo ka itilize senk sans yo?

## Estrateji Sosyo-emosyonèl

Ana te aprann kijan li ka sèvi ak senk sans li yo paske li poze kesyon epi li panse sou sijè a. Kounye a, se lè pou ou eseye. Ale deyò a epi gade plant yo ak bêt yo. Chwazi yon plant oswa yon bêt ou ta renmen aprann plis sou li. Reflechi sou sa ou vle aprann espesyalman. Kounye a, poze yon gramoun kesyon , ekri sa ou aprann nan epi pataje ak yon zanmi.



SENK SANS YO

# Ana ak TiGa



Copyright © 2018 pa Alyans pou Edifikasyon Katolik-ACE Ayiti Li





Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous vizite

**<https://ace.nd.edu/haiti/>**



# Ana ak Tiga

## RASABLE TOUT 7 LIV



Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous vizite <https://ace.nd.edu/haiti/>  
 Copyright © 2018 pa Alyans pou Edikasyon Katolik. Tout dwa rezève. Pèson moun pa gen dwa repwodui  
 oubyen illize liv sa a ni okenn pati nan li nan okenn fason sòf si li gen pèmisyon ekri ki soti nan men éditè a.